

Puntadewa

Yudhistira utawa Puntadewa ing Mahabharata India (Indhiyana), pinter olah kaprajuritan lan gagah nalika perang. Yudhistira iku rajaning prajurit. Nanging ing crita jawa, Yudhistira utawa Puntadewa iku kondhang titah ludira seta. Kang mengkono amarga watake jujur, ora gelem dora (ngapusi). Dhemen tetulung, apa sing didarbeki yen dijaluk wong liyane diweneh ake. Mula Puntadewa uga kondhang sinebut manungsa lega donya lila ing pati.

Minangka tuladha, Prabu Puntadewa ditembung dijaluk patine kanggo numbali wewalak ing Negara Buluketiga. Sang Prabu ya manut. Dhirine dipasrahake. Ing lakon Baratayuda, Puntadewa tetep nglungguhi watake sing ora gelem ngapusi. Nalika Pandita Durna madeg senapati agung, Pandhawa karepotan. Sebab, dikaya ngapaake Pandhita Durna kuwi gurune Pandhawa. Apa murid wani marang gurune?

Untung Prabu Kresna ora kurang iguh pertikele. Banjur sing didhawuhi ngadepi Pandhita Durna iku Putra Pancala, Raden Dresthajumena. Prabu Kresna mung dhawuh marang Werkudara supaya merjaya gajah titihane Prabu Prameya kanga ran Esthitama.

Sawise gajah mati dikepruk gada Rujak polo, wadya Pandhawa kadawuhan alok yen Esthitama mati. Pamirenge Pandhita Durna sing mati Aswatama (putrane Pandhita Durna). Mula Pandita Durna nglempruk otot bebayune, kelangan daya. Kanthi ati sedhih Durna nakokake mrana-mrene, marang para Punakawan, marang wadya Pandhawa. Kabeh anggone mangsuli padha gelem dora yen Aswatama mati. Durna wasanane takon marang Puntadewa. Bareng ditakoni mengkono Puntadewa judheg, mosok arep goroh?

Prabu Kresna mbisiki Puntadewa kala-kala wong kena goroh sethitik-sethitik ora apa-apa, nanging Puntadewa tetep puguh ora gelem goroh. Prabu Kresna golek cara, supaya anggone matur marang Durna nalika ngucapake tembung “esthi” lirih wae, dene anggone ngucapake tembung “tama” seru.

Puntadewa ngucap ngono kuwi. Saka pamirenge Durna, Aswatama mati. Sanalika Durna nglempruk ing sangarepe Puntadewa. Puntadewa digandheng dening Prabu Kresna sumingkir saka papan kono. Durna katekan Dresthajumena sing wes kepanjangan yitmane Prabu Ekalaya nedya males ukum.

Wangsulana pitakon ing ngisor iki !

1. Sapa gurune Pandhawa ?
2. Sapa arane gajah titihane Prabu Prameya ?
3. Sapa putrane Pandhita durna ?
4. Apa sebabe Puntadewa disebut titah ludira seta?
5. Werkudara dikongkon opo dening Prabu Kresna ?